cumpo: cumpon (Bl.) pêsthèn. cumpon bae = pêsthèn bae. têmbung cumpo kaya-kaya saka têmbung cumpi, têngêse pêsthi.

campur: campuran Maleisch woworan (U.).

cimpli: Cr., M. damar mrakas lênga pèt.

cemplo: nyemplo, cengklak: nyengklak Bs., (Pb.) jarane cemplonên = cengklakên.

cêmpole: kutu (Pn.) Mp., (M.) cêmpe.

cêmplon: kuwali dhara, Pk.

cêmprèng: sapele, Tg. têmbung cêmprèng, mèmper saka comprèng.

cèplèk: nyèmplèk (Pb.) nyengklak.

cimpling: (M.) lombok jêmprit.

cêmpling: (Bl.) damar mrakas lênga pèt = latung.

cêmplung: cêmplang-cêmplung: andalêming (Pb.) têmbung cêmplang-cêmplung manawa kajukuk saka kaclêbang-clêbung.

cêmidhing: (Bl.) pêcêl.

cêmêmêk: (Rmb.) lêmut = jingklong.

combèr: kêcomberan (Tg.) pacêrèn.

combor: kêcomboran (Tg.) pacêrèn.

combre: (Pc.) codhot.

cèmbèl: Cl., (M.) gèmbèl.

combèl: (Bl.) gèmbèl.

cuming: (Smr.) mung. manawa kajukuk saka têmbung Malayu tjoema.

cêmêng: cêmêngan k. nila = wêdêlan = candu (Bl.).

cig: Kr., (Bg.) enggal. cig-cig = enggal-enggal.

cagir: nyagir (Bn.) mêsthi. nyagirake: mêsthèkake.

cègêr: ngègêrake, anjagakake, Br.

cogèr: nyogèri, Mg., (Kb.) wong tandur. têmbung cogèr ing Sk. ora nganggo, kang dianggo tandur.

cêguk: brangasan B.

cagut: ngêcagut, kêcagut (Tg.) apês = kaapêsan = kapêsan.

cêgot: pêdhot Tg. ing Sk. iya ana sing nganggo têmbung iku.

cugag: pêdhot Ws. taline cugag, taline pêdhot.

cob: bacêk J. têmbung cob ing Sk. ana, iya iku lènging wêlut, diarani cob.

cubuk: (Tg., Pm.) cangkir.

cobak: Bl. cêspêng.cêsplêng. mungguhing aku jamu brambang lêmputyang iku cobak = cêsplêng. Smr. coba.

cabol: (Br.) sikil ambèn.

cêblok: runtuh Ngt., (M.) krabile cêblok, krabile runtuh, nanging tanduke nyêblok. ing Sk. nganggo, kang têngêse iya runtuh, sarta linggane iya [i...]

[...ya] nganggo kang têngêse gênti, kaya ta: cêblok alu.

cublêg: (Tg.) tancêb, bokmanawa maune têmbung cublê, dadi cublêg.

coblog: Wg., M. N. damar panjêran mrakas lêngane pèt = latung.

ceblong: (Bl.) cebong. têmbung ceblong ing Sk. ora nganggo, kang dianggo cebong.

cèbèng: (Tg.) gêmbèng.

cèthi: Tg. cèkli: M. wrêdèn, pitikku blorok iku cèthèn = wrêdèn.

cathak: tuma asu, Tg. ing Sk. tuma asu iku aran pinjal.

cethok: clupak Tm.

cêthil: nyêthil, ewa Tg. aku nyêthil = ewa mênyang polahe kakangamu.

cèng: cengan, têngèn = rungon Bl. aku yèn turu ana kumrèsèk bae iya cengan = tangi. têmbung cèng têngêse 1. kaya kang muni ing Wdb. 2. bocah dolanan bènthik, yèn pambuwange janak kang bakal dituju kécêdhakên, iku dilumpati, aran dicèngi, manawa kêlumpatan mati lakune.

cungih: (Pk.) ringkih.

cèngèh: kanggo ing paresidhenan Bagêlèn, Rêmbang sarta Madiun: lombok. têmbung cèngèh ing Sk. ora nganggo, kang dianggo lombok.

cangcala: (Bj.) beka.

cêngcêng: cêng-cêngan (Tg.) sêrêng.

cungar: nyungar Kr. Bagêlèn, tumênga, têmbung cungar manawa saka cungir.

cungur: irung kènggokanggo. ing paresidhenan Têgal, Pakalongan, sarta Banyumas, lan Kabupatèn Karanganyar Bagêlèn, tuwin Kawadanan Caruban, Madiun.

cangra: (Pb.) tingkas.

congok: Pk. janggêlan. gonku tuku kêbo isih congokan = janggêlan, yèn ora bêcik gawene kêna balèn. Bn. Rèntèng, gonku golèhgolèk. sacongok = sarèntèng.

cèngkèh: (Bl.) lirang.

cingkir: J., Bl.) cangkir.

cèngkèrèg: drêngki, Tg. têmbung cèngkèrèg, ing Sk. ana, tégèse mèh padha karo têmbung arang, utawa gêringên, kaya ta: tégalamu jagung kok nyènggèrèg mêngkono, ayake kapiran bangire.dhangire. wulune jagomu kok nyènggèrèg, apa mêngtas bodhol.

cingkrang: jigrang, Bl. ing Sk. iya nganggo têmbung iku, nanging kanggone seje, kaya ta: sangêt kacingkrangan kula. sinjang punika mênggahing kula jigrang.

cengkrong: arit, Tg.

cingkrêng: Kr., (Bg.) ceko.

cangkok: pomahan, utawa banjar pakarangan, Ngayogya.

cangkèl: (Tg.) wangkot. adhimu iku watêke pancèn cangkèl = wangkot.

cêngklèng: nyêngklèng, nyambi K., (Ws.) têmbung: cêngklèng, ing Sk. ana, têngêse mèh padha karo têmbung: sêle.

cangkang: (Tg., Pk.) cangkok.

congkèng: (Mg.) mikul barang mung sasisih, sasisihe mung dinêti tangan bae.

cêngis: Tg., Pm., Bs., (Pb.) lombok jêmprit.

cengap: cengap-cengap, (Bl.) mêngap-mêngap.

congguh: nyongguh ngusung pari saka sawah arêp dibawoni. (Tg.)

cinging: (Tm.) gêmبèng, utawa wong laranên bae.

cêngunguk: (Cr.), (M.) jingklong.

Ra

ruhun: rumuhun, kw. rumiyan, Bl., (Rmb) Cr. (M.).

rahat: rahatan (Pk.) panganan.

ron: kw. godhong Mg.

rene: mrene, N. riki: mriki k. ngriki, Bl.

rinèh: Pk. tamban.

rèncèt: Bl. rèwèl.

rancang: rancangan omah, balungan omah, Bl.

rênuh: Wg., (Sk.) lawe agal.

ranti: prantine: sabêne, C. prantine = sabêne adhimu yèn dina Jumungah mrene, igi kok ora.

runtah: kanggo ing paresidhenan Têgal sarta Banyumas uwuh.

rantak: mrantak (Bl.) mraman. mèmper saka têmbung: mrèntèk, dadi mrantak.

rentak: (Tg.) aja.

rantam: rêmbug Bn. rantaman, rêmbugan ing Surakarta iya nganggo têmbung iku, nanging seje têngêse.

rêntêng: kw. bènthèt, Tg., Br.

rôndha: Ngt., (M.) lanjar.J. rôndha luke, têngêse [têngê...]

[...se] rôndha kang duwe anak lanang.

rondhon: kw. godhong S., (Ws.).

ranji: (Bn.) panji, ranji klandhung: panji klandhung.

ranjam: (Bl.) U. kathil.

ranjang: Pk., Br. paturon.

rinjing: Tg., Kr., G., (Kr.) Ng., (Kb.) Mg., (M.) sênik.

ronyok: jlebrah, ing Surakarta têmbung ronyok kanggo basaning suwêng.

rucuh: rujak, Ng., (Kb.) têmbung: rucuh saka trucuh: tumrucuh, wayah rumujak. zie trucuh Wdb.

racik: Tg. rocak-racik = burik, Pm. craki, Cina racik = Cina craki.

ricik: princi, Tg. diricik = diprinci.

rêcêp: (Tg.) rênês.

rok: rok-rokan, jelungan, Pm., (Tg.).

raki: S., (Ws.) Mgl., Tm. kowe.têmbung: raki, manawa saka wancahaning sirèki.

rika: (Tg., Pw., Kb., Mg.,Tm.) kowe = dika.

riki: mriki, ngriki, kutu (Pn.) putra sampeyan wontên mriki = wontên ngriki.

rikne: nanging, Ngy. têmbung rikne ing Sk. ana, têngêse mèh padha karo têmbung: nanging, kaya ta: rikne iya: wong dara, mulane anggêp-anggêpan.

rukun: ngrukuni, (pjt.) ngopèni: ambêciki, rumêksa.

rakrak: (Tg.) kêrah, dirakrak ngasu: dikêrah ngasu.

rikrik: (Tg.) tlatèn.

rakat: rakatan (Pk.) panganan.

rakit: rakitan, masangi kêbo sapi arêp dimagawèkake, Br., (Tg.).

rêkêt: (Tg.) cukup, Si Nitiardana saiki karêkêtan, kacukupan.

rikma: kw. rambut, J., Mg.

rokam-rakèm: (Tg.) grobèh.

rada: sarada: N. radi: saradi k. rada Pd., (Bn.) ing Sk. iya nganggo têmbung iku, nanging tanpa atêr-atêr: sa, mung muni: rada bae.

radan: Kr., (Bg.) rada.

radin: rampung Tg.

rodèn: (Mg.) mlarat, Si Artadaya biyèn rodèn = bêyènbiyèn. malarat, saiki sugih.

rodok: Ls., (Rb.) rada. têmbung iki rusak dening liruning pakêcapan.

radosan: dadi kramaning lurung: kanggo ing paresidhenan Rêmbang sarta Madiun.

reto: angreto: ambrêngkut Tg.

rêta: sarêta: sareyal, reyalan nyalawe prah uwang utawa [u...]

[...tawa] f.2 rupiyah (Bl.).

rêti: tégês Tg.

ritak: ritèk Smr. cikbèn.

ratas: (Mg.) pawitaning ngabotohan sakèrine ditohake kabèh.

ratêng: matêng Pc. pèlème kang koimbu apa wis ratêng = wis matêng. ing Sk. iya nganggo têngbung iku, kaya ta: angratêngi: tégèse olah-olah.

ris: (M.) talès: omahmu apa wis korisi = wis kotalèsi. (Bn.) watès. pomahamu rise ngèndi = watèse ngèndi.

rès: kunjara Cr., (M.) Si Karyadanu dirès = dikunjara prakara kêrêngan.

rusuh: rêgêd T.

rêsêh: Bs., (Pb.) rusuh.

rêsak: (Pm.) rusak. têngbung rêsak ing Sk. ora nganggo, kang dianggo rusak.

rêsêp: sukêr Sl.

rispis: rupiyah Crb., (M.) ing Sk. dhèk biyèn isih ewanguwang. krêtas rêga nyrupiyah, èyaiya (dan di tempat lain). nganggo têngbung rispis.

rusia: wadi J.

riwi: riwa-riwi, Bl. wira-wiri. beda dening kawalik aksarane [a...]

[...ksarane] bae.

rowa: rodha = jadah pohung, (Bl.) bèndiku arêp taksalini rowang = rodha. tukua rowang = jadah pohung mênayang warung.

ruwah: jênat Sl. ruwahe Si Ramak = jênate Si Ramak.

rawun: Pm., (Tg.) ruwêd. bokmanawa owahing têmbung riwud, dadi rawud.

rawat: rêrawat, nyapu C., (P.) rêrawata latar: nyapua latar.

ruwat: ngruwat, matèni Ws. ngruwat luwing = matèni luwing.

rawis: rawisan, lading Tm.

riwug: ngriwugi Kr., (Bg.) ngranggoni, têmbung riwug ing Sk. ana, kaya ta: wulune riwug-riwug.

rapih: rampung Tg. wis karapiyan ing landrat, wis karampungan ing landrat.

rapuh: bènthèt Mg.

ropêl: C., (M.) rangkêp.

rupiyah: sapuluh wang, Ngy.

rêjah: Tg., Pk. rêja, mung owah rubuh jêjêging swara bae.

rêjèh: Pk., rame. ing Pakalongan iku kalêbu rêjèh: rame.

rajuk: K., (Ws.) Ng., (Kb.) kagèt, rajuk aku: Kagèt [Kagè...]

[...t] aku. ngrajuki: ngêgèt-êgèti.

rujak: pêcêl Tg.

rayi: k. dudu kl., Ngy. kaya ta: rayi kula = adhi kula.

riyon: diyon (Pb.).

rayapên: rangên Pc. sikilku rayapên: sikilku dipangan ngêrang.

reyang: Pm. aku. reyang arêp lunga = aku arêp lunga. Kr.; (Bg.) gumêdêr. aja reyangan ana kono, aja gumêdêr ana kono. Tm. bocah cilik padha nangis, bocah-bocah sing padha reyangan iku = sing padha nangêsnangis. iku bok ditulung: sinèh.

rami: k. rama Tg.

rame: goroh Kr., (Bg.) wong mung rameyan bae = wong mung gorohan bae.

rome: Ngy., (Bl.) rame.

ramak: rama, Ngl. ing Sk. wong desa iya nganggo têmbung iku.

ramut: (Bn.) rumat.

ramês: sêninjong Ngy., Mgl., sêga ramês = sêga sêninjong. têmbung ramês ing Sk. ana, têngêse padha karo têmbung sêninjong kang mèmper manèh têmbung awud = rawud = ampyak, panganggone têmbung-têmbung mau mangkene: [mang...]

[...kene:] ramês: sêga ramês lumbu, sêninjong: sêga sêninjong iku araning sêga kokohan nganggo lawuhan liyane manèh, tumraping têngbung iya kêna uga mirit kaanan ing dhuwur mau. kaya ta: panganane iku ramêsan bae uwis. caturan iku sing tata aja sêninjong mêngkono, mêngtas caturan prakara rêganing bêras banjur kôndha gone kalah sêtotèr. ampyak: wong nêsu ora tulus nêsu, nganggo ngampyak-ampyak mêngyang wong sing ora wêruh kênthang kimpule.

rêmis: Wg., (Sk.) M.N. lawe alus.

rumil: Tg. crèwèt., Br. rèwèl.

rempo: (Tg.) jêmpo.

rêmpah: ngrêmpah, nutu jagung ginawe sêga Ws., Bg.

rêmpèyèk: lontho (Kd.) ing Sk. araning panganan.

rêmpug: (Tg., Br.) rêmbug.

rambu: (Pm.), rambu-rambu: nênitik.

rumbuk: (Bl.) rungkud, têngbung rumbuk ing SK. ora nganggo, kang dhianggodianggo. têngbung rungkud.

rumab: kadhêmên Pc. lara rumab = lara kadhêmên. têngbung rumab, ing Sk. ora nganggo, kang dianggo

kadhêmên utawa panastis.

rombong: sarombong = srombong Bs., (Pb.) bodho.

rugi: Mp., (M.) songgarunggi. aku aja korugèni, aku aja kosonggarunggèni. Ng., (Kb.) sumêlang, aku rugi = aku sumêlang nonton polahe adhimu.

rêgulo: waron Bl. waron iku kanggo woworan bumbu wêdhak.

rigèl: Bn. rigol.

règèl: J., Bn., Pm., rigol. têmbung règèl, uawa rogol, ing Sk. ora nganggo, kang dianggo rigol utawa gigol.

rogol: (B.) rigol.

rêgêp: (Tg.) rêsêp, rêgêp atiku: rêsêp atiku.

ragum: tutus Ws., Bg. Bujanagara: rêmbug, raguman: rêmbugan. ing Sk. iya nganggo têmbung iku, nanging seje têngêse, kaya ta: nragum rusuk.

ring: J. marang. adhimu iku ring aku = aring aku = marang aku ora bêcik, Blora: ing = mênyang.

ringi: Ringèkna (Bn.) rungokna. têmbung rungu: dadi: ringi, rusak saka owahing swara.

rengan: Kr., (Bg.) dadi: jêbol, rengane mêngkono.

rangke: rangkèn, êmpluk Tg.

rangkah: dhadhah Tg.

rèngkèl: ngrèngkèl, murang sarak Tg.

rungkup: = rungkub. Tg. durjana kècu, ora nyana yèn Si Krama anglakoni kadurjanan ngrungkup = ngècu. Pm. sapu, kang kagawe saka witing sidaguri.

rèngkèg: sulaya (Pb.) kowe kuwi kari Si Karya pijêr rèngkèg bae. = sulaya bae. dene têmbung rèngkèg têngêse rèwèl.

ringas: srêgêp Mg.

rangdha: (Pm.) rôndha, rangdha ayu: rôndha ayu.

rongge: Pk., Ng., (Kb.) B. wuli. ronggean pari: wulèn pari. nanging ing Kêndhal sarongge = saombyok.

ronggèh: (Tg.) wuli.

rênggoto: ngrêgoto (Pm.) ngrênggiyêg.

ronggèng: kanggo ing paresidhenan Têgal, Pakalongan, Bagêlèn, sarta Banyumas: tlèdhèk.

Ka

koh: Bs., (Pb.) kok.

kaol: Arb. wênèh, Tg. sakaol, sawênèh.

kan: rak Smr.

kun: kulunun Ngy. kuninggih: kulu nuninggih.

kene: ngene, mrene, Ng., (Kb.) Ck., (Pw.) (Bg.) Ws., (Bg.).

kono: ngono: mrono, padha kaya ing dhuwur.

kanah: nganah: mrana, kènèh: ngènèh: mrene, konoh: ngonoh: mrono (C.).

kanan kidhal: Bn. kiwa têngên.

kênèk: kêna (Bn.) ing Sk. êya ana kang nganggo têmbung iku.

kêrang: kw. Wg., (Sk.) Pc. thole. Ng. (Kb.) K., (Ws.) Mg. (Kd.) kêna, kêrang apa = kêrangapa. Pk. ana, kêrangêndi = ana ngêndi.

kenangan: konangan Tg.

kêrangapa: yagene, U.

kanca: Tg. kônca.

kenca: Br. juruh.

konca: kunca Tg.

kuncir: J., Bl. kucir.

kêncot: zie êncot.

kêncèb: K., (Ws.) luwe.

kunclup: kuncup Tg.

kincling: sakincling: Tg. sacêrêt: satètès.

kênclung: (Tm.) gêndhêng.

këndalan: k. kandêlan = pêndhok, Ls., (Rmb.).

kintun: titip Pc kula kintun = kula titip tumbasan kula gula niki, dika wèhake bakyu Sadrana.

kontrak: umun, kawarta, Pd., (Bn.).

kandhah: kondha Tg. rusak dening rubuh jêjêging swara.

kêndhit: kudhêt S. (Ws.).

kanjat: (C.) lowung.

kunjêng: Kr., (Bg.) kunthing.

konjong: (Tg.) sêrêng, wong ngawula iku aja ngastinganti. kêkonjong = kêsêrêng ing bëndara.

kènyèh: (Tg.) kètès, kènyèh-kènyèh = kètès-kètès.

kunyu: (Tg.) munyuk.

kênyas: tape, (Kr.) têmbung kênyas, ing Sk. ana, têngêse rasa sing ngagètake, kaya ta: rasaning tape, rasaning lombok jêmprit, sarta rasane wong kêna ing gêni, kabèh kêna dibasakake: kumênyas.

kênyu: klêcis Br.

kunthèt: Kr., (Bg.) kunthing. têmbung kunthèt, manawa saka kanthèt. têmbung kunthèt, ing Sk. ora nganggo, kang dianggo kunthing.

kunthiwiri: (Tg.) wira-wiri. ing Sk. nganggo kênthiwiri. nanging têmbung kênthiwiri, têngêse wong nagih potang

bola-bali ora olèh, lakune diarani kênthiwiri.

konthol: kontholan, gèmbèk Br.

kênthul: (Mg.) pèsthi, kênthil-kênthul, mèsthèkake.

kênthèng: gènthèng, kanggo ing paresidhenan Japara, Rêmbang sarta Madiun.

kênthong: tela pohung Ls., (Rmb.).

kênthèng: gagah Tg.

kaca: ngaca, ngilo, Tg.

kacu: kacon, iras, Cr., (M.)

kècèh: Mg. kècèh-kècah: kèwèh-kèwèh. tèmbug kècèh ing Sk. ora nganggo.

kacir: kucir Tg.

kacor: (Tg.) sabèt, dikacori = disabèti.

kucur: cucur Bl.

kicik: Ng., (Kb.) Kr., (Bg.) kirik.

kocèk: Bn., oncèk, jêruke koncèkana = oncèkana.

kocok: sènik Ng. (Kb.).

kêcèk: Wg., (Sk.) blènggu kayu.

kêcok: kêcokan, calunthangan, Pk. tèmbug iku ing Sk. ana, têngèse mèh padha karo tèmbug wor utawa kaworan, kaya ta: Si Tama iku mèmper [mè...]

[...mpêr] kécokan darahing kusuma, saparipolahe beda karo bocah akèh.

kecôt: (Mg.) = kalah.

kêcit: ngêcit (Tg.) = nginthar.

kêcit: (Tg.) = kêrêp.

kacêl: Cr., (M.) = pêngêl. aku kacêl = pêngêl ngrasakake kowe. têngbung kacêl, ing Sk. ana, têngêse mogol, kaya ta: kêkuluban kang kurang matêng iku diarani kacêl.

kêciyèt: awar-awar Bs., (Pn.).

kêcambil: Ls., (Rmb.) Bl., Bn. = krambil.

kacung: thole Bl.

kucing-kucing diraup: kucêm-kucêm diraup, J.

kocing: (J.) kucing.

kêcing jirèh: G., (Kr.) Kr., (Bl.) Tg., B.

karo: marang Mg.

krahang: Tg. anggranyah, Bn. murka.

kurên: kw. suguh, Kr., (Bg.).

keran: Pk. gumun, têngbung keran mêmper saka rusaking têngbung eram.

kronong: J. kroncong.

krindhit: (Ws.) tompo: krênêng.

kranji: makanan jaran Bl.

krècèk: rêngginan PcF.

karèk: (Sm.) kari, karèk-karèk lotku lotre mênang satus èwu. kari-kari ...

korèk: Tg. korèkan = rèkbul. Tm. korèk = bocah didusi.

krikrit: ngrikrit, nyênggut Tg ngrikrit sukèt, nyênggut sukèt.

krukut: jambu krukut, jambu kluthuk Tg.

krikluhluh: (Mgl.) cik, ngundang asu.

kêrêtan: têbu (Bn.).

kurasi: jinggaloka, Bl. têmbung kurasi ing Sk. ana, kaya ta: kurasibang.

karosigar: karotèng, Tg. têlusigar: kapatsigar enz têlutèng: kapatèng enz.

krepuk: (Kd.) mlarat.

kropya: ngropyani (Tg.) ngrawati.

kirim: titip, Ng., (Kb.).

kêrêm: kêrêman, k. kurungan, Ck., (Pw).

krêmpyog: ngrêmpyog = (Tg.) = mrabot.

krompang: (Tg.) = ala.

krambil: k. klapa N. kanggo ing paresidhenan Têgal, Pakalongan, Samarang, Japara sarta Rêmbang.

karing: kakaring, dhedhe, Mgl.

kurung: rena Pm., Kd. kurung mênayang tanah Sukawati, rena mênayang tanah Sukawati.

kêrang: kêmbang patramênggala, Bl.

krangkèng: kunjara Tg.

khak: Arb. kakang: kangmas Smr.

kiki: K., (Ws.) S. mau.

kèki: sakèki (M.) saiki. ing Sk. iya nganggo têngbung iku, kaya ta: tukokna tèh kèki, iya iku tèh kang enak rasane.

koki: sêkoki, saiki, Bn.

koko: mêngko, Bn.

kakèn: bêkakèn utawa ajug-ajug kuningan kang dhuwure sakaki, Ng. [têngbung iku êndi kang bènêr, kakèn, apa bêkakèn].

kakèk: kaki Smr. ing Sk. iya ana kang nganggo têngbung iku.

kikit: (Tg.) irid. bokmanawa kalanturing pakêcapan, kèkêt, liniru: kikit

kokot: rosa Bn.

kadi: saka Tg. kadi ngêndi = saka ngêndi, ing Sk. iya ana kang nganggo têngbung iku.

kuda: Kw. jaran, kanggo ing paresidhenan Pakalongan, Japara sarta Rêmbang, tuwin kabupatèn Salatiga.

kêdêh: (Pw.) kêdah = kudu.

kudan: (Pb.) ora susah. kowe ora kudan mèlu = ora susah mèlu.

kadêr: (Tg.) apa iya, kadêr mêngkono, apa iya mêngkono.

kêdêr: bingung Tg.

kadèk: (Sm.) layak, kadèk saiki lilali. wong wis sugih = layak sa ...

kêduk: Wg., (Sk.) duk.

kota: ledhang, Pk., kota-kota: lêledhang.

katir: pêdhèt S., (Ws.).

kêton: katon K., (Ws.).

kotok: (Bn.) balilu.

katis: (Bl.) kadhêmên, mèm pêr saka rusak ing tênggung katisên, dadi katis.

kutis: K., (Ws.) Kr., (Bg.) = lonthe.

kotos: anyar Tg. kotos-kotos = anyaran. tênggung kotos ing Sk. ana, tênggese padha karo kêtès, nanging kotos luwih gêdhe têtèse tinimbang kêtès.

kêtos: Toh = onjo.

kêtumpêl: (Bl.) kêpêl, araning wowohan.

kitêng: (Tg.) sulam, ngitêngi = nyulami.

kutang: (C.) kotang.

kasi: kongsi, J. ing Sk. iya ana kang nganggo têmbung iku.

kasih: kongsi Tg.

kêsuh: susah Bs., (Pb.) ing Sk. ora nganggo, kang dianggo lêsu.

kasrèn: Kr., (Bg.) bosên.

kasèk: kongsi, Bn., J. ing Sk. iya ana kang nganggo têmbung iku.

kisik: gisik J. ing Sk. kanggone têmbung iku mangkene: bojone tansah dikisik bae, têngêse tansah dilus-êlus. rangkane tansah dikisik bae, têngêse tansah digêbêg.

kaspe: pohung abang rasane lêt gurih, Wg., (Sk.).

kasab: ngupajiwa, Br.

kisang: k. gêdhang = pisang, (Rmb.) (M.) Ng. (Kb.) ing Sk. wong desa ana kang nganggo têmbung iku.

kêsêng: (Tg.) pêthêl, baukarya iku pancèn kêsêng ing gawe = pêthêl ing gawe.

kawo: (Tg.) kopi. saka rusaking têmbung kahwa Arb. dadi kawo.

kewe: (Pb.) Ng. (Kb.) kiwa. tangan kewe, tangan kiwa.

kawin: sêkawin, maskawin Kd. sêkawine salaka putih

bobot satail, maskawine ...

kowên: kowe, ing Sk. ora nganggo têmbung iku, nanging Jawa têngahan mung paresidhenan Têgal dhewe nganggo têmbung mau.

kuwir: Kr., (Bg.) kumêd.

kewok: Kr., (Bg.) kalah. têmbung kewok manawa saka keyok utawa kawon.

kawis: prakawisan, pakawisan Pk., Tg.

kiwul: kw. walês, Tg, ing Sk. kanggone tumrap ing kidung.

kowong: (Kd.) araning lesane wong panahan.

kalo: irig Kr., (Bg.)

kula: nun Ngy. kowe mêngko mronoa. kula. iku wangsulan durung têtela ing pangrungune, padhane: kowe mêngko mronoa. nun.

kele: lodhong, J. ing Sk. ora nganggo têmbung iku.

kelo: (Bl.) pego, kagok.

kêlan: jangan C.

kêlintun: (J.) kêlintu.

kolontara: Cr., (M.) salatara = mlandhingan 1e wit-witan wohe kêna ginawe lalap 2e kewan cilik, silite mêtulawene ginawe wisaya pangupayaning pangane, sarana kinêncangake ing wit-witan apindha [a...]

[...pindha] jala.

klecan: (J.) lali. manawa saka rusaking têngbung klepyan, dadi klecan, klepyan saka lepya, têngêse iya lali.

kular: (Ws.) têngbung kular manawa saka rusaking têngbung ular-ular.

klari: Ng., (Kb.) S., (Ws.) Bj. blarak.

kolêk: Kr., (Bg.) kluwa. Tg. gêbyur, dêkolêk: digêbyur. têngbung kolêk, manawa mung saka liruning têngbung kolak. têngbung kolêk têngêse wong nglangi kalêbu ing kêdhung, ambanjurake nglangine ora bisa, iku diarani kolêk.

klaras: klobot Tg.

kolak: kluwa Ngt., (N.)

kolik: budidaya, Bn. kowe iku alane nganggur mêngkono bokya kolik = budidaya golèk pagawean.

kaladanaha: (Pb.) ora gênah.

klèdud: nglèdud (Tg.) turun.

kêlèt: J., Bl. dilat Cr., (M.) kulambi sikêpan cilik. Bn. kêsèd.

kulup: kw. thole, kanggo ing paresidhenan Têgal, Pakalongan sarta kabupatèn Cilacap, ing Sk. mung

tumrap ing kidung bae.

klêtik: Ls., Rmb. klêntik.

kalas: amat Tg. kalas-kalas, amat-amat. têngbung kalas ing Sk. ana, iya iku araning gêtihe wong wadon yèn anggarapsari, gêtihe lalan kang mêtù dhisik sarta mambu. 2. kalasan, pos, ôngka 2 saka Ngayogya mênayang Surakarta.

klowoh: êmpluk Pm. têngbung klowoh, têngêse mèh padha karo têngbung suwung, kaya ta: wong kok nglowoh, ora duwe pikir sing dakik-dakik.

klapa: N. zie krambil.

kêlêm: kêlêman, tela pêndhêm (Pw.) Mg. baya: bajul Kd.

kilêm: k. tilêm Tg. ing Sk. ora nganggo têngbung kulêm = kilêm.

klêmuk: êmpluk Bl. têngbung klêmuk iya iku wadhah bêras sajèn kang ana ing kobongan.

klêmbêng: Tg. lèk, klêmbêngan = lèk-lèkan.

klagan: (Pb.) karo, manawa saka rusaking têngbung klayan, dadi klagan.

klithik: srêgêp Tg.

kaling: kalingên, pancingên = lara gulu Bl.

klangla: (Tg.) kapiran.

kêpe: (Bl.) sakarêpe, mèmper saka rusaking têngbung sakarêpe dadi kêpe.

kopan: (Bl.) tadhah, bêrasku mung sakopan, bêrasku mung satadhahan, têngbung kopan mèmper saka rusakaning têngbung cukupan = sacukupaning tadhah.

kêpantên: k. kapala, N., (Pw.).

koprik: (Bl.) krêtu.

kêprèk: èndhèk Ws. têngbung kêprèk = ngêprèk, têngèse cabar.

kêprok: mêjana (M.) dikêprok = dimêjanani.

kapurantine: (Pb.) sapirantine.

kaput: Tg. thithil. kaput-kaput gudhig, thithil-thithil gudhig.

kapatcilik: klimacilik: kapatsigar, klimasigar Tg.

kapsao: Chin. kriyuk Tg.

kèpèl: k. jaran, kanggo ing paresêdhenan Jawa têngahan kabèh, dalah ing Sk. wong desa iya nganggo têngbung iku.

kêplak: tabok, Bl. kêplakan: tabokan.

koplong: (Ws.) bodho.

kêplèngèr: (Bn.) kapiran.

kêpyak: kêmpyang, Mp., (M.)

kapung: (Bn.) mumpung.

kepang: kucir cina, Br.

kudhung: pace, Bl ing Sk. nganggo têmbung pace.

kidhik: J., (Bl.) thithik, sakidhik, k. = sakêdhik, k.

kodhok: ngodhok, lumaku dharat, utawa golèk suruh kang mëntas dipèki Tg.

kêdhok: topèng Bl.

kadhang: yèn Tg.

kêdhing: (M.) cêkithing, gonmu nyêkêl kèncèng iku aja kidhing-kidhing = aja cêkithing-cêkithing mêngkono.
têgêse cêkithing: anjukuk barang cilik mung sarana darijine loro: jêmpolan panuduh, darijine kang têlu dijêngatake mandhuwur.

kêdhêng: (Tg.) kera.

kêdhêng: kêdhêngan, A., (P.) turon = sumèlèh.

kêdhangsul: k. kadhêle, kanggo ing paresidhenan Jawa Têngahan kabèh, sanadyan ing Sk. lan ing Ngy. wong desa iya nganggo têmbung iku.

kaju: J., Bl. sarta Ls., (Rmb.) gumun. ing Sk. ora ana.

kojor: gula arèn sabuntêl J.

khajat: Ar., gawe, (Pb.).

kajang: kacang, Pk.

kujang: (Pm.) kudhi.

kyakya: ngabani ngiwa: kêbo kang lagi dimêgawèkake, [dimêgawèka...]

[...ke,] yèn nêngên, ir (Bn.).

kuyah: (Tg.) kuya. dikuyah-kuyah, dikuya-kuya.

koyèk: kèthèk, Pc. têngbung koyèk, têngèse ing Sk. arahan = rucah, kaya ta: wong koyak = wong arahan = wong rucah.

kiyul: (Tg.) kèthul.

kiyambèk: k., Ck., (Pw.) kiyambak = piyambak = dhewe.

kiyêng: pèthèl Tg. têngbung kiyêng utawa bêngkiyêng, têngèse kaku: okol, utawa rosa.

kèmèn: Ng., (Kb.) karèbèn = karèpèn.

kèmanyangan: (Tg.) kèmayangan.

komor: (Bn.) rusuh.

kèmadihan: (Br.) kèmladhehan.

kamas: têng K., (Ws.) kowe ngamasna = nêngna marang dhimas panji: angkate mêngyang Baki, sesuk. ing Sk. têngèse pinto, kaya ta: suwêng iki kamasna = pintokna mêngyang Kèmasan dhisik, dadi beda karo ing Kaliwira.

kamus: èpèk, Tm., Sl., Mgl., Kb., Bl.

kamsol: (Tg.) sikut.

kèmpar: (Bl.) gèrèh pèthèk.

kèmproh: crobo Bn.

kèmpèk: kèpèk, Ng., (Kb.) lumbang. Wg., (Sk.) kèmpèkan =

kanthongan kulambi.

kampil: bantal, Ng., (Kb.) Ws., sarta C.

kêmpêl: kumpul J.

kamplèng: (Tg.) anggar, dikamplèng: dianggar.

kamplong: (Pc.) tela.

kêmpang: (Tg.) kêmba.

kêmadhèh: Bl., Ls. (Rmb.) kêmladhehan.

kêmeja: meja, Bj., C., Kb. kotang, Kd.

kamyah: (Tg.) gêlêm, sakamyah-kamyah = sagêlêm-gêlême.

kambèk: Sm., (M.) kambi.

kombot: k., (Bj.) Ng., (Kb.) klobot.

kambil: krambil, Wg., Sk.

kêmbêng: Sk. kêmbêng KI kêmu, Ngy. kêmbêng k. susur, dene kramane: susur, panasar.

kagak: wêntal Pc. aku ora kagak = ora wêntala: mêtala = ora tahan = ora kolu andêlêng kêbo dibêlah. têngbung kagak ing Sk. ora nganggo.

kêba: kandhi J.

kebon: k. (Bn.) kawon = kalah.

kêbèn: Kr., (Bg.) cikbèn. têngbung kêbèn mèmper saka rusaking têngbung karêbèn, utawa karêpèn.

kêbon: lurung J.

kobra: ebra Tg. prakara banyu ing pacangkalan, dikobrakake = diebrakake.

kebos: (Mg.) kalah.

kêbluk: tingkêb Kd.

kobong: sênthong Tg.

kothor: (Bn.) kèthèr.

kathèk: Bl. jantenan jagung. Bn kathik.

kêthak: Tg. kêthake = karuhane, Mg. kêthak = blondho lênga jarak.

kêthuk: gêndhuk Pc. sarta Wg., (Sk.).

kêthèk: kêthèkan, sikêpan, J. kulambi kêthèkèn = kulambi sikêpan.

kêthok: sakêthok, rong gobang: 4 duit. Smr.

kêthèwèl: (Pb.) kêtèwèl = gori.

kathil: bandhosa Tg.

kothol: G., (Kr.) kêthul.

kathung: sêkathung: sêkuthung Bj.

kenging: dening = marang C.

Da

doèl: kèdoèl, ngèdoèl, (Tg.) sêmpoyongan.

dina: dinane: dene C. dinane = dene aku iya bakal milu.

dene: denene, dene, C. padha kaya ing dhuwur.

dêne: dênèkke (Tg.) duwèkke.

daning: tégal (Pm.) dening = lo.

dènèng: Kr., Kb., C., genea., Pb. gene, (Pb.) kok, têmbung dènèng manawa saka rusaking têmbung ngèndi ana.

dandan: dandanan, balungan, Tg.

druni: (Pb.) kumêt: cêthil.

darke: wancahaning têmbung modar kowe (Kd.).

duraka: pègatan K., (Ws.) ing Sk. iya nganggo têmbung iku, kaya ta: aja nglakoni duraka pindho ping têlu, tégèse aja nganti laki manèh.

dromkom: Bs., (Pb.) gumampang.

dawaka: drêsba Tg.

drêman: sasat Kr., (Kb.).

dromos: (Bl.) nguthuh = ambalubut.

drêmis: Bs., (Pb.) anggranyah. bocah andrêmis = anggranyah: pêlêm mêngtah dipangan.

drêmba: pradhah Br.

drigama: kw. uwas Tg. atimu ngambah alas aja drigama = aja uwas.

darung: andarung kw. banjur, kanggo ing paresidhenan Têgal, Pk., J., Rmb.

dêring: kw. suthik (Pw.).

dak: angkuh Kd.

duk: têr, Bn. ngêdukake = ngêtêrake.

dokon: dokok Tg. sarta Tm. ing Sk. ora nganggo têmbung iku.

dikêp: dêkêp Kr., (Kb.) ing Sk. ora nganggo têmbung iku.

dadar: andadari: andhadhari J.

dêdêr: landheyan Tg., Pk., Br. sarta P. (B.).

dêgrêg: mujur = bêgja Pc. nanging mung tumrap wong ngabotohan. kaya ta: Si Surajaya olèhe sêtotêr dêdrêg = mujur = bêgja, sawêngi ngukupi bae.

dadak: dumadaksara, dumadakan Tg.

dodok: duduk Mgl. lakumu dodokên = dudukên saka kene bae.

dodol: jê nang, Br. ing Sk. iya ana aran jê nang dodol.

datuk: kulina = sêngkut Tm. adhimu iku datuk têtên = kulina têtên karo Si Karta. Si Baujaya iku yèn gèlêm nyambut gawe datuk = sêkut.

dewa: dewan, andèrès, Ng. (Kb.).

dawêg: N. ayo K., (Ws.).

duli: kw. kêtuli-duli: kadaluwarsa Tg.

dele: Ng. (Kb.) tobil, dele-dele, tobil-tobil.

dalah: andalah: andodok Br.

duloh: (Bl.) colok.

dèlèh: kuwe = kuwi, Tg.

dêlah: andêlah: andokok P. (B.).

dolan: ngabotohan, Samarang. ing Sk iya nganggo têtambung iku, nanging nganggo panambang an, kaya ta: aja dhêmên dolanan, têtêgêse mênging aja dhêmên ngabotohan.

daloncong: Kr., (Bg.) kurangajar.

dalondor: Kr., (Bg.) nyrandu = nyênnyêngit = sêmbrana = kurangajar.

dalèr: andalèr: anggili = asêlur, Tg. wong desa kang malêbu grêbêg andêlèr = anggili = asêlur.

dolor: (Tg.) nalar.

dèlèk: golèk Bn. ing Sk. ora nganggo tèmbug iku.

dèlèk: andèlèk (Bn.) andokok. tèmbug dèlèk mèmper saka rimbaganing tèmbug dèlèh.

dolèk: (Bn.) duwèk = duwe. dolèkku = duwèkku.

dèlik: (Tg.) mëndèlik.

dloksok: kèdloksok, (Tg.) kêblingir.kèblingêr.

dlèdèr: andalèdèr: andalèwèr, Tg. Tèmbug dlèdèr ing Sk. tégèse pamor,pamèr. kaya ta: manganggo sarwa anyar lèledhang mênayang lurung.

dladap: (Tg.) nalar. Dladap yèn wis kêbanjur têtèriyèkètèriye. olèhe balèni. nalar yèn wis kêbanjur ...

dèlès: tulèn, Ngayogya, lènga klèntik dèlès = lènga klèntik tulèn, kanggone ing Sk. kaya ta: sadulur dèlès = sadulur cêr.

dlapèr: kandèlapèr, (Tg.) andaluya.

dlèpak: Pk., Br. clupak.

dèlèp: (Ws.) dèlap (Kr.) andablèg.

dlopong: andalopong Pk. malongo.

dèlajat: Ar. ngati-ati Tg. nyambut gawe iku sing dèlajat [dèlaja...]

[...t] = sing ngati-ati.

dlêmok: nyata Tg. yèn winwis. dalêmok = nyata kanggonan cihna: cêkêlên.

dlamong: andêlamong (Tg.) nglantur. (Pb.) tadhah, bocah cilik dêlamonge = tadhahe akèh.

dêlêg: kutuk Pk.

dêling: bung, Pw., (Bg.) ing cangkrêp: dêling dudu kramaning pring, nanging bambu sing dadi kramaning pring.

dlêngèr: Kr., (Bg.) weya.

dlangkup: M. bêkungkung.

dlangdèng: (Tg.) lêngcir.

dlangsu: kêdlangsu (Tg.) kêlungse.

dipuna: (Tg.) cikbèn, manawa saka rusaking têmbung akdèkpuna, dadi: dipuna.

dupil: sadupil (Bn.) sathithik.

doplèti: (Pb.) dititèni. manawa saka têmbung Walônda: opletten.

daya: sasat, Kr.,(Bg.) daya = sasat aku bisa kacukupan.

deyan: Tg., Pm., bokmanawa = rak, Pb., (B.) kira = duga = watara.

damu: ko, Tg., damujukuk = kojukuk.

dimok: dimokna, (Bn.) cikbèn.

dêkêm: cêkêl, Ng., (Kb.) Kr., (Bg.) ing Sk. ora nganggo têmbung dimèk, kang dianggo dêmak, dêmèk sarta dêmok.

dumbêg: (Bl.) clorot, araning panganan. wadhahe janur diblêngkêrake, ing pucuk cilik laya drêmênan janur, diisèni galêpung karo gula.

dêgêne: (Tg.) inya.

dagêl: dhagêl, Bl. têmbung dagêl, ing Sk. ora nganggo, kang dianggo dhagêl = dhagêlan.

dobal: (Tg.) drêmbe.

doblo: (Kd.) bodhong.

deblag: andeblag, (Kd.) nyablèk.

dèblêg: andèblêg, (Mg.) mopok galêngan.

doblong: (Tg.) umuk, pancèn wong angêdoblong = umuk.

dangu: k. lami, ora kramaning suwe, Ng., (Kb.).

dingar: Kr., (Bg.) tumênga. manawa saka rusaking têmbung dhangar, dadi dingar.

dêngok: dêlok, Bn. ing Sk. ora nganggo têmbung dêngok, nanging nganggo têmbung dêngongok.

dangdan: prêdangdanan, tata-tata, Tg.

Ta

tah: ta Rmb., Bl. aratah = arata.

taun: sanaun, sataun Tg.

tohwalèn: (J., Bl.) wantèg = anggon, jarikmu kuwe wis kanggo sataun tohwalèn bae = wantèg bae. jarikmu kuwe pancèn tohwalèn = pancèn anggon.

taoge: Chin. thokolan (Bl.)

tauburu: (Pm.) tuwaburu.

tohing: (Tg.) tèmên.

tanah: pancèn, (M.) tanahe mêngkono = pancène mêngkono.

tandur ngarit: andhaut, Pk.

tandang-tumandang: olah-olah Tg.

têntis: Wg., (Sk.) pace mêngtah.

tôndha: winton, Bl. kuwènimu kuwe enak: tandhane = pintone êndi.

tundhun: janjang, Pk. krambil rong tundhun = krambil rong janjang.

tandhês: nandhês, êntèk, J. ing Sk. iya ana sing nganggo têmbung iku

tundhês: tutuh Pk. dundhês kayu = nutuh kayu.

tanjak: tancêb J. lesane gêdêbog tanjakna = tancêbna ing pathok. têmbung tanjak manawa saka tônja.

tanjêk: jêtmika Tg.

tiru: têdhak K., (Ws.) layange tirunên = layange têdhakên.

têruh: ngrampèk Bl.

turnik: Ls., (Rmb.) turene.

trantan: (Tg.) tali dudutan mêmêdi sawah.

trocok: nrocok, nracak Pk. têngêse mèh padha karo têmbung cocok, nocok pamanganing asu kang wus dililakake. nrocok pamangane asu kang durung dililakake, yèn wong duwe patrap kaya mêngkono iya diarani nrocok.

trècèl: (Tg.) cocoh inang.

tarik: tarikan, tudhung Ka.

terok: (Bl.) tiru, terok-terok, tiru-tiru.

trêkaos: (Bl.) 1. rêkaos = rêkasa 2. kramaning: têrkadhang.

trukcuk: (Tg.) trucuk.

tritik: Ng., (Kb.) tritis.

trètès: tumrètès, cêtha, Bl.

trêtêp: krêtêp = timang, Ngt., (M.) Sl. têmbung krêtêp kang kanggone ing Sk. kaya ta: nganggo krêtêp intên = nganggo timang intên.

tritig: Bl. srisig ukêle wong jogèd.

tros: trose, turene, Bn. ing Sk. kanggo têmbung madya, bokmanawa têmbung tros saka wrêtose.

trasèk: (Bl.) trasi.

tristik: galur pagêr J.

trawas: nrawasakên (Tg.) nguwatiri.

tirêp: tilap Bl. nèk kowe mêngko sida lunga: anakmu tirêpna = tilapna bae.

tirig: tirigan (Tg.) gadhangan lêmah kang bakal ditanduri.

têrgônca: pradondi Tg.

tronggong: pruthul Tg. ing Wdb. têmbung tronggong ora ana, kanggone ing Sk. kaya ta: kêtronggongan tégêse kêlimpe.

trami: k. (Bn.) trima, kula sampun trima = trimah = narimah = nampèni panduman dhuwung saprabotipun.

turman: turmane (C.) turnèh. turmane bisa = turnèh bisa: nanging pancèn suthik.

truman: trumane Kr., (Bg.) tur. trumane bêcik = tur bêcik: yèn kowe miturut pututure wong tuwa.

trêminil: (Tg.) rêmhèh. têmbung trêminil manawa saka têmbung Walônda Crimineel.

trampil: climut Tg.

têk: Bs., (Pb.) tak = dak.

tok: pêthèn Tg.

teko: Chin. kriyuk J. ing Sk. teko wadhah wedang tèh, kriyuk wadhah wedang bubuk, dadi kosokbali karo ing Japara. Pm. teko = cèrèt, godhoga wedang ing teko = ing cèrèt.

tèksih: k., (Tg.) taksih.

têksir: kainan Bl.

tekyan: Chin. urunan (Tg.)

tèkêm: Bs., (Pb.) teko.

tata: tata-tata, dandan J.

tutuh: nutuh: mranggal Kr., (Bg.).

tètèh: nètèh: bêcik, tudhungku rak nètèh = rak bêcik: nganggo bulu-bulu.

tutur: nutur: anggagas, Ng., (Kb.) bocah kok nutur = kok gragas: sêga mambu mêngkono dipangan.

kr., (Bg.) nutur = ngopèni. nutur barang = ngopèni barang.

tètèl: (Pc.) tatal.

totol: pèsthi Tg.

têtèl: jadah G., (Kr.).

tètèg: nètèg, notog, Bn. yèn pamasangmu kosipat saka kene: nètèg tembok = notog tembok, nètègi, tètègana, tètègese ambuwang barang rêgêd kang awor ing barang rêsik sarana dikêbutake. panging kayu kang ditutuhi: aluming godhonge dikêbutake: supaya kayune dadi rêsik, iku aran nètègi.

totog: notog, pinunjul = linuwih J.

tètèg: bêdhug Bl. tètèg paos = bêdhug bêngi.

tatab: tataban, langitan Pk.

tês: tèmbe Pk. aku tês = nèmbe katêmu karo adhimu ana prapatan gadhing. têngbung tês mèmper saka êntas.

têsêblang: (Tg.) blaka, lah bokya wis têsêblang = blaka bae.

tuwuh: andêr.

tuwang: katuwangan, koncatan Bn.

tuli: Ng., (Kb.) Bs., (Pb.) C. rak iki tuli = rak wis bêdhuh. Kr., (Bg.) kok = kok mêngkono [mêngko...]

[...no] kowe kuwi. Pm. tumuli. sêgane panganên tuli = tumuli. B. êrak = swaramu nganti tuli = nganti êrak.

tela: tela gawa, (Kd.) tela gantung.

toli: Bs., (Pb.) kiye. toli: le, jukukên = kiye: le, jukukên. Pb. rak. toli = rak aja mêngkono.

tlocor: nlocor, (Tg.) sêmbrana.

tlêcêr: têtêr, Tg. utangku wis wis ditlêcêr = ditêtêr bae panagihe.

têlucilik: sêtêlon Tg.

tolok: Tomblok Bl.

tliktik: (Tg.) titèn. iya iku bosokaning godhong nila kang mêngtas dikum.

tlèktèk: (Tg.) tlètèk, padhane: tlotok, nanging iki wêtune luwih cilik.

tloktok: Bs., (Pb.) tlethong, bubur, lilin kang ajèr.

tèlèk manuk: ênjêt (M.) ing Sk. iya nganggo têngbung iku, nanging mung ing wayah bêngi: yèn anjaluk ênjêt marang tanggane: têngbunge anjaluk tai manuk, ila-ila ujare wong tuwa mêngkono.

talad: kw. gênah Ng., (Kb.) ora talad = ora gênah.

tulus: kw. sida Tg.

tèlès: Pw. bisa.

talawengkar: wingka, Tg. tala kw. lêmah, wengkar: manawa saka rusak ing têngung wingka.

talêpong: tlethong Br. ing Sk. ora nganggo têngung iku. Tg., Pk., Kb. talêpong = tlethong.

tlungtik: (Tg.) titipariksa. parentah utusan têngungtik = titipariksa mêngang balabage desa Maja.

tlongtong: (Tg.) blêngtong.

têlêngsa: nêlêngsa, anggranyah Mp., (M.).

tapi: napèkan Ml. nanging (Tm.).

topi: tudhung iratan pring, utawa iratan pinjalinpênjalin. utawa walugas Tg., Br.

tipar: Ng., (Kb.) gaga. Ws. miwiti macul.

têpus: ngêtêpus, andaleya Tg.

têpês: Tg., Pk., (Bj.) sêpêt, têngung têtês apa saka tapas, nanging iya isih seje têtês.

tapsilah: (Tg.) tapsila.

taplak: gênah = têtela Tg. ing Sk. ana, iya iku mori tutup meja mangan wong duwe gawe.

têplèk: (Bl.) têtapak walang.

tapung: napung, milu Bg. ing Sk. nganggo têngung iku rong prakara. [pra...]

[...kara.] mungguhing paclathon: napungake karon, iya iku wong adang. mungguhing têmbung: napung jurit, iya iku ambiyantoni pêrang.

têdha: patêdhan, sisa, Tg. patêdhanku = sisaku iki konên ngêntèkake anakmu. ing Sk. iya nganggo têmbung iku, kaya ta: patêdhan dalêm nyamping = sêkul enz.

têdhi: nêdhi, Kd., (Bn.) mangan.

têdhuh: mêndhung C., (Tg.) têdhuhe = mêndhunge kandêl.

têdhèng: tudhung Bl.

taji: naji: andakwa = ngarani = ngêcogêmol, têmbung taji 1. zie Wdb. 2. tarka.

tajug: kobongan = patanèn Mg. têmbung tanjug 1. zie Wdb.: tarka, kaya têmbung taji, kaya ta: tajinên = tajugên bae uwis, mêtshi dhèknèn sing nyolong.

toya: noya griya, ngobong omah J. ing Sk. panganggone ora mêngkene, kaya ta: mêtas kêtoyan, têngese mêtas kobongan.

tayoh: nayoh Pd., (Bn.) gênah.

tèyèng: Kw. bisa, Ng., (Kb.) Pb., Kd., Ws. C. yèn tèyèng = yèn bisa aku sesuk mrana. tèyèngku = bisaku nguruni mung sagobang. ing Sk. panganggone rumakêt ing têmbung ora, kaya ta: ora tèyèng.

tamu: namu, araning sidêkahe brokohan bayi lair Tg.

tuman: Pm. kulina. tumanmu = kulinamu nyambut gawe apa. Ng., (Kb.) kêtumanên = kabelan, aku kêtumanên = kabelan mangan srabimu.

têmên: bangêt J. têmên = bangêt pangarêp-arêpku.

têmok: nêmok, nêmu ing Sk. panganggone yèn sinambungan panambang: ake kaya ta: nêmokake.

tampa: (Tg.) têmpa.

tempe: nempe, ikêt-ikêtan, (Pb.), C. aku lagi nempe = aku lagi ikêt-ikêtan. ing Sk. têmbung tèmpèn: ana, têngêse iya ikêt-ikêtan, nanging tanpa kuncung sarta rambute katon.

têmpik: Sl. turuk bocah.

têmpat: Wg. (Sk.) slêpèn.

templang: (Tg.) tula, siya. kêtemplang-templang, kêtula-tula = disiya-siya.

templong: (J.) blênyik.

tamping: pulisi desa Mgl.

tambi: têmba Tg.

tombe: (Tg.) sindap, tombènên, sindapên.

tambrung: nambrung (Bl.) timbrung, nimbrung.

tembak: nembak kw. niru, Bm.

têmbèke: (C.) têmebe iki.

têmbèkne: (Pc.) kadingarèn.

tambakpasir: (Pc.) pasir.

timbang: nimbang, palu tanggung Mg.

timbul: têkan Ws. lakuku timbul = têkan Ngasêm kapêthuk adhimu.

tambêlag: Pc. kepang.

tambang: kw. tali Tg., Ng., (Kb.)Cr., (M.).

tambêng: andhugal J.

têmbang: nêmbang, sindhèn J., Bl., Ng., (Kb.).

têmbung: sambung, Bl., Pd., (Bn.) taline têmbungên = sambungên.

têmbènglèr: (Tg.) weya = kurang ngati-ati.

timang: timangan, timang Tm. yèn ing Sk. têmbung timangan, têngêse nganggo timang utawa timang cilik.

têmôngga: (Mgl.) kêôngga.

tagu: tagon (Kb.) pacangan.

tege: tegean (Bl.) kêlan bêning.

têgi: nêgi (Kr.) ngênêt, yèn nakêr bêras iku aja kotêgi = koênêt.

tègèh: jangan tègèh, (Tg.) jangan mênir.

tigan: nigan, nginang, kanggo ing paresidhenan Têgal,

Pakalongan, Japara, Rêmbang sarta Madiun. ing Sk. wong desa iya nganggo têmbung iku.

tigên: kêtigên, kêtiga Bl. ing Sk. wong desa iya nganggo têmbung iku dadi kramaning kêtiga.

tègin: (Tg.) Bs., (Pb.) isih. kowe apa tègin = isih duwe dhuwit.

têgor: cênthok J. kêtêgor ing basa kasar, kêtêthokkêtêcênthok. ing basa kasar.

tègèl: (Bn.) runtuh.

têgèl: nêgèl, manggung, Bl. manukku brêkutut tansah nêgèl = manggung bae.

tug: tugahe (Dk.) tutuging gawe.

tog: Bn. togahe = cikbèn. Bl. togahe = togèna bae. Mg. ngêtogi = amborong. aku ngêtogi = amborong barange Ki Wanalapa rupa-rupa pangaji satus rupiyah.

tiba: tiba-tiba, dumadakan Smr. mèmper saka têmbung Malayu tiba.

têba: tiba Pc.

tabuh: nabuh: nguni, nabuh mrêcon, ngunèkake mrêcon.

têbah: têbih Tg., Kd.

tabrak: (Bl.) têmpuh.

tabok satabok: satêbah BI.

têbas: nêbas: amborong K., (Ws.). alane dilelang omahmu saisine taktêbase bae = takboronge bae satus rupiyah. Ws. nêbasi = nêbahi. paturone apa wis kotêbasi = kotêbahi.

têbus wêtêng: ulêm-ulêm tingkêban Tg.

tabêl: (Tg.) dablêg.

têbêlah: (Tg.) têbêla.

tablêd: nablêd (Ngl.) nagih. nablêd utang = nagih utang mênyang Wera ora olèh.

tablêg: rolak Ng., (Kb.).

toblêg: (Tg., Pm.) tobil.

tubyuk: nubyuk (BI.) nubruk.

tabag: gêdhèg Kr., (Bg.) Ng., (Kb.).

têbang: nêbang: ngrêmbang J.

têngêr: nêngêri, sidhêkahe wong mati pëndhak pindho Ws.

tangta: kêtangta, (Tg.) kêpatuh.

tangtu: (Tg.) tilas.

tungtun: nungtun (Tg.) nuntun.

tungku: kw. pawon = dhingkêl Ng., (Kb.).

tangklêd: (J.) takon, mèmper saka rusaking têmbung Kd. tanglêd, dadi tangklêd.

tongkèng: pakinangan Mg.

tangléd: nangkléd, nagih: Mgl. Tg. têtela = dhamang. Wg., Sk. taun, satangléd = sataun.

tanggi: k. Kt., (Pn.) têngga.

tenggor: kêtenggor (J.) kêtanggor.

tênggar: Pm. kerekan brêkutut Bl. umbar.

tungguk: gamêl = sikêp J. saiki Si Kudajaya dadi tungguk = dadi gamêl kabupatèn. tungguke = sikêpe kang jaga sapa.

Sa

si: ta, Tg., Bt, Kd. kêpriye: si = kêpriye: ta. arasi = arata.

se: sene, Chin layake, J.

saokèh: (Bn.) akal utawa tingkah ala.

saekong: tela pohung putih kang ditandur ana ing pakêbonan (Rmb.).

sanaos: k. sanajan, Bn. ing Sk. wong desa iya ana sing nganggo têngbung iku. sanansanajan. (Kd.) gèk.

sènèk: (Pk.) gèdhèg.

sênik: tanggok J.

sunat: Ar., Tg. êntèk Pm. sunat bocah wadon = cunat bocah lanang: padha bae. disunati = sisêmbêlèh.

sandêr: Pc. cêdhak C. enggal.

sindir: kw. talèdhèk, sindiran = nayuban. Bn. Tuban Cr., (M.) ing Sk. têngbung sindir = sindhir: ora kanggo.

sindur: tlèdhèk Mg. sinduran = nayuban.

sandik: Bn. rada.

santun: k. sasi, kanggo ing paresidhenan Têgal, Pakalongan, Samarang, Japara, Rêmbang sarta Madiun.

santêr: Ws. nyrêmpêng Cr., (M.) bangêt Tm. rikat, santêran = rikatan.

sèntir: (Ws.) upêt.

sôntra: (M.) isarat, omahmu santranana = isaratana lawe wênang.

sêntrong: Tg. nyeklak = dunung. sêntronge = dununge.

sentol: sentolên, sotah, pacitan, aku ora sentolên = ora sotah marang kowe. têngbung sentol, iku araning kêcik lèmèt kang gègère sandhing cangkêm nganggo mandhukul.

sèntèng: nyèntèng (Tg.) tanggul = nanggul.

sêndhi: lincak Ws.

sandhah: têrsandhah = pêtandhah (Tg.) pratôndha.

sandhik: Bn. rada, sandhik rene = rada mrene, mèmpẽr saka rusaking têmbung sandhing, dadi sandhik.

sendhak: (Bn.) upama, sendhakneya, upamane. manawa sendhak saka: saendhak, saka: saendha, saka: endha, têngêse iya upama, utawa: indha: têngêse oncat.

sêndhèkala: (Tg.) candhikala.

sêndhêt: Bl., Bn. candhêt = sêndhal, disêndhêt = dicandhêt = disêndhal. têmbung sêndhêt saka sindhêt.

sindhutan: pête, kanggo ing paresidhenan Têgal, Pakalongan, Bagêlèn sarta Banyumas.

sanjang: (Kd.) sulam, nanjangi pagêr = nyulami pagêr.

sanye: (Tg.) wêntala.

sênthir: Kb., Kd. sarta Bn. damar mrakas lênga pêt = latung.'

sunthêt: (Tg.) bundhêt.

sicok: (Bn.) siji = mèmpẽr saka rusaking têmbung sitok dadi sicok.

sucèng: (Tg.) suci.

sur: (P.) C., aju = maju. surna diyane = ungalna diyane. surna kayune = sugokna kayune. têmbung [tê...]

[...mbung] ungal = sugok, têngêse maju.

sira: kowe, kanggo ing paresidhenan Têgal sarta Bagêlèn. ing Sk. têngbung sira mung kanggo pangandikaning ratu ing dina gêdhe lan ing layang.

sura: sarwa J. panganggone sura ijo = sarwa ijo.

sarah: Tg. sarahan = sasrahan, (M.) sarahan = sajèn jambe suruh. Tg. sarahelik = nglêgewa. ora sarahelik = ora nglêgewa.

sarèh: Tg. sarèhing = sarèhning. rimbage pancèn bènêr têngbung têngal C. turu.

sirah: k. Kt., (Pn.) kanggo ing mubarang têngbung, kaya ta: sirah ayam = êndhas pitik.

sèrèn: lèrèn Tg. disèrèni = dilèrèni = diundur = dipocot.

srandu: sêmbrana Ws. wong nyambut gawe iku aja nyrandu = aja sêmbrana.

srênta: Tg. piranti. aku jukukna bêbêd sasrêntane = sapirantine.

